



Pati I: Leson 2

## Tounen yon bon tè: Asirans

Tè Ki donnen anpil : Kòmanse yon lavi tounèf ak Jezi



Nan premye lesон nou an, nou te wè kòman Jezi te konpare grandi nan Levanjil ak gress ki plante nan bon tè. Lè yon plant grandi nan bon tè, li antre rasin li pi fon e pi fon nan tè a. Jou apre jou plant lan vin pi fò padan lap rale bon jan materyo nan tè a pou pran swen tèt li. Ou menm tou lè w ap grandi nan bon rapò ou genyen ak Jezi, ou kòmanse devlope, ou vin pi fò lè w ap rale anpil bon bagay e anpil fòs ki nan Li.

## PLAN POU OU GRANDI

Nan lesон sa a, ou pral aprann SÈT PRENSIP ki pou pèmèt ou gen ASIRANS sou relasyon ou genyen ak Bondye a :

- 1) Asirans konsènan lanmou Bondye
- 2) Asirans konsènan delivrans ou nan Bondye
- 3) Asirans sou zafè peche ou ki padone
- 4) Asirans ou se pitit Bondye
- 5) Asirans Bondye pap janm lage w
- 6) Asirans nan yon lòt lavi nou tèf
- 7) Asirans nan lavi pou tout tan

Pawòl Bondye di nou, “*Mwen sèten Bondye ki kòmanse bon travay sa a nan nou an ap kontinye ljouktan li va fini l nan jou Jezi va retounen an*” (Filipyen 1:6, VKF).

**Asirans** vle di yon kwayans oswa yon konfyans ki djanm, lè pye w pa mare ak okenn dout ki konn kraponnen moun, se yon asirans ki andedan w. Lè w ap grandi ou menm ki se disip Jezi, fòk ou genyen **anndan w**, **asirans** nan delivrans Kris te ba ou a.



Avan ou ale pi lwen, fè yon ti kanpe epi mande Bondye ede w konprann pawòl Li, ede w fè aprann viv nan prezans Li, epi pou ou kapab tounen moun Li vle ou ye a.

## YON IMAJ KI MONTRE KÒMAN MOUN GEN ASIRANS:

### Parabòl bon bèje a (Jan 10:1-30)



Jezi te rakonte yon istwa sou yon bèje ak mouton l, pou L te kapab bay egzanp klè sou ralasyon L genyen ak disip Li yo.

"*Franchman, franchman, m ap di nou sa: Si yon moun pa pase nan pòt la pou li antre nan pak mouton yo, si okontré li monte yon lòt kote, moun sa a se yon vòlè ak yon piyajè. Men, moun ki antre nan pòt la, se li ki bèje mouton yo. Gadyen an ouvè pou li. Epi, mouton yo tande vwa li. Li rele pwòp mouton l yo dapre non yo. Epi, li mennen yo deyò. Lè li fin fè pwòp mouton l yo soti, li mache devan yo. Epi, mouton yo suiv li, paske yo konnen vwa li. Yo p ap suiv yon etranje ditou. Okontré, y ap kouri pou li, paske yo pa konnen vwa etranje. Jezi di yo pwovèb sa a. Men, yo pa t konnen de kisa li t ap pale yo.*

*Donk, Jezi di yo ankò: Franchman, franchman, m ap di nou sa: Se mwen ki pòt mouton yo. Tout sa ki te vini anvan m yo, se vòlè ak piyajè yo ye. Men, mouton yo pa t koute yo. Mwen se pòt la. Si yon moun pase nan mwen pou li antre, l ap sove. L ap antre soti. Epi, l ap jwenn patiraj. Vòlè vini sèlman pou yo vòlè, pou yo tiye, pou yo detui. Mwen menm, mwen vini pou mouton yo ka genyen lavi epi pou yo ka genyen l ann abondans.*

*Mwen se bon bèje a. Bon bèje a bay lavi l pou mouton yo. Men, anplwaye a pa bèje a, mouton yo pa pou li. Lè li wè lou a ap vini, li kite mouton yo, li kouri. Epi, lou a rape mouton yo, li gaye yo. Anplwaye a kouri, paske se anplwaye li ye. Li pa chaje tèt li pou mouton yo.*

*Mwen menm, mwen se bon bèje a. Mwen konnen sa ki pou mwen yo, epi sa ki pou mwen yo konnen mwen. Konsa tou, Papa a konnen mwen, e mwen menm, mwen konnen Papa a. Epitou, mwen bay lavi mwen pou mouton yo. Mwen genyen lòt mouton ki pa nan pak sa a. Fòk mwen mennen yo. Yo va tande vwa mwen. Epi, va genyen yon sèl twoupo, yon sèl bèje. Se poutèt sa Papa mwen renmen mwen: Mwen bay lavi mwen, dekwa pou mwen ka pran li ankò. Pèsonn pa pran li nan men mwen. Okontré, se mwen menm ki bay li. Mwen genyen pouvwa pou mwen bay li. Mwen genyen pouvwa pou mwen pran li ankò. Se kòmannman sa a, mwen te resevwa nan men Papa mwen...*

*Fèt Dedikas te rive nan Jerizalèm. Se te ivè. Jezi t ap mache sou Galeri Salomon an, nan lakou tanp lan. Epi, Jwif yo antoure li, yo di li: Pou jis kilè w ap kenbe kè nou sou biskèt? Si ou se Kris la, di nou sa kareman!*

*Jezi reponn yo, li di: Mwen di nou, epi nou pa kwè. Travay m ap fè nan non Papa m yo, se yo menm k ap temwaye pou mwen. Men, menm jan mwen te di nou an, nou menm, nou pa kwè, paske nou pa pam i mouton m yo. Mouton m yo tandé vwa mwen. Mwen konnen yo. Epi, yo suiv mwen. Mwen ba yo lavi etènèl, yo p ap janm peri ditou. E, pèsonn p ap rape yo nan men mwen. Se Papa mwen ki ban mwen yo. Li pi gran pase tout moun. E, pèsonn pa kapab rape yo nan men Papa mwen. Mwen menm ak Papa mwen, nou se youn".*

**Kiyès ki se bon bèje a ? Kiyès mouton yo ye ?**

Sèvi ak mo ki nan Jan 10 :1-30 lan pou ou fin ranpli tablo a.

KISA BON BÈJE A FÈ POU MOUTON YO ?	KÒMAN MOUTON YO REPONN LÈ YO TANDE VWA BÈJE A ?

**Pouvwa kiyès ki kenbe mouton yo an sekirite ?**

Jezi di, nou de fwa plis an sekirite paske pèsonn pa kapab rape mouton L yo nan men L, e pèsonn paka rape yo nan men Papa a. **Mete yon bagay tou piti nan men w, tankou yon ti woch oswa yon grenn pwa oubyen mayi. Fèmen men w, mare pwen w. Kounya pran lòt men an fè l kouvri pwen ki mare a. Sa vle di grenn pwa a oswa ti wòch la de fwa plis an sekirite.**

**Kòman ou konprann imaj sa ki esplike pouvwa Bondye a ?**

## FOUYE PI FON : MEN KISA ASIRANS LAN YE



Jezi te di : “*Paske, Bondye te tèlman renmen lemonn, li bay sèl Ptit gason l lan, dekwa pou tout moun ki kwè nan li pa peri, men pou yo genyen lavi etènèl. Vrèmanvre, se pa t pou jije lemonn, Bondye te voye Ptit li a nan lemonn, men, se pou li te ka sove lemonn grasa Ptit la. Yon moun ki kwè nan Ptit la, Bondye pa jije li. Men, yon moun ki pa kwè nan li, Bondye deja jije li, paske li pa kwè nan non sèl Ptit Bondye a*

### I. PRENSIP 1: ASIRANS SOU LANMOU BONDYE

*Kisa ou panse ki te pouse Bondye pou l sove ou ?*

*Kòman Bondye te montre lanmou L pou ou ?*

*Ki repons ou bezwen bay pou w ka resevwa lanmou Bondye a ?*

### 2. PRENSIP 2: ASIRANS SOU DELIVRANS BONDYE A

*Pawòl Bondye di :* “*Vrèmanvre, se akòz gras li, kifè nou sove, grasa lafwa. E, sa pa soti nan nou menm, se kado Bondye*” (Efezyen 2 :8)

“*Se pa anyen nou te fè pou sa. Konsa, pèsonn pa ka bat lestomak li pou fè chèlbè*” (Efezyen 2:9, VKF).

Genyen twa mo enpòtan ki esplike kòman Bondye aksepte w : **gras, delivrans, lafwa**. Men kisa chak mo sa yo vle di :

- **Gras** se yon kado ou pa ka achte, yon kado ou pa merite. Relasyon ou genyen ak Jezi a, se pa achte ou achte l ak bon zèv ou ; se yon kado Bondye ba ou gratis.

*Eske yon fwa konsa sa te rive yon moun te ba w yon kado ou pat merite ?*

- **Delivrans** vle di sove, chape anba yon dezas, epi proteje nan malè. Nan kisa ou te sove ? Women 6 :23 di : “*Paske, salè peche peye se lanmò. Men, kado Bondye bay la, se lavi etènèl ki nan Jezi Kris, Senyè nou an...*” Lè ou te resevwa lanmò sakrifis Jezi Kris sou lakwa a, kòmkwa pou L te peye peche w yo, Jezi te sove w anba separasyon etènèl ak Bondye, ak kondanasyon etènèl tou.

*Eske sa te janm rive w pou yon moun sove w nan yon danje oswa yon malè ?*

- **Lafwa** vle di konfyans oswa kwayans. Se lè ou konte sou yon moun oubyen lè ou pran yon angajman nan lespri w, nan bon konsyans, ak nan aksyon w.

*Eske sa janm rive w pou w fè yon moun konfyans nan yon bagay ki enpòtan anpil pou ou, epi pou moun nan respekte konfyans ou ?*

*Poukisa lafwa enpòtan nan delivrans ou ?*

*Eske ou kapab fè yon bagay pou w sove tèt ou ?*

### 3. PRENSIP 3: ASIRANS PECHE W YO PADONE

*Pawòl Bondye di nou : “Se li ki delivre nou anba pouvwa fènwa a epi ki transfere nou nan wayòm Ptit byenneme l la. E, se nan Ptit la nou gen redanmsyon, nou gen padon pou peche nou ” (Kolosyen 1:13-14).*

*“Nan Byenneme a, nou genyen redanmsyon grasa san li, nou genyen padon pou fot nou yo dapre richès gras li. Li vide gras sa a sou nou dapre tout kalite sajès ak bonsans ” (Efezyen 1:7-8).*

*“Donk nou menm, frè mwen yo, se pou nou konnen sa: Se grasa li menm yo preche nou padon pou peche. E, chak moun ki kwè nan Jezi, li jistifye yo anba tout bagay lwa Moyiz la pa t kapab jistifye nou yo” (Trav. 13:38-39).*

*Ki diferans sa fè nan lavi w lè ou konnen peche w yo padone ?*

Padon se lè ou lib, ou pa gen chatiman sou do w, lè ou pa gen yon dèt sou tèt ou. Lè ou te mete konfyans ou nan Kris, tout peche w yo te padone. Sòm 32:1-2 di nou : *“Ala beni yon nonm beni, lè Bondye padone rebelyon li, Lè Bondye kouvrí peche l! Ala beni yon nonm beni, lè Letènèl pa konsidere peche li ditou, Moun ki pa gen riz nan lespri yo! ”*

### 4. PRENSIP 4: ASIRANS OU SE PITIT BONDYE

*Pawòl Bondye di nou : “Men, sa ki te resevwa l' yo, sa ki te kwè nan li yo, li ba yo pouvwa tounen pítit Bondye. Yo pa t' vin pítit Bondye jan sa fèt pami lèzòm sou latè, paske sa pa t' soti nan egzijans lachè, ni nan volonte lèzòm. Se Bondye menm ki te papa yo” (Jan 1:12-13, VKF).*



*Lè ou konnen Bondye te adopte w kòm pwòp pítit gason L'oubyen pítit fil, ki diferans sa fè nan lavi w ?*

## 5. PRENSIP 5: ASIRANS BONDYE PAP JANM LAGE W

*Pawòl Bondye raple nou : Scripture reminds us, “Mwen p ap janm lage w, Mwen p ap janm kite w nonplis. Konsa, nou pran kouraj pou nou di: Se Senyè a k ap ede m, Mwen pa pè anyen” (Ebre 13:5).*

*Nan ki sikonstans Bondye ka lage w owa bliye w ?*

*Lè ou konnen Bondye pap lage w, kijan sa fè w santi w gen asirans ?*

## 6. PRENSIP 6: ASIRANS NAN YON LAVI TOU NÈF

Gade kisa Pawòl Bondye di konsènan lavi w : “Si yon moun ap viv nan Kris la, li vin yon lòt moun. Bagay lontan yo disparèt, se lòt bagay nèf ki pran plas yo koulye a. ” (2 Corinthians 5:17, HCV).

*Sa ki pase ak bagay lontan yo ?*

*Ki kote ou ye kounye a ?*

Lè ou te mete lafwa w nan Kris kòm Sovè ak Mèt ou, ou te komanse yon vwayaj tou nèf, ou vin yon moun ki chanje. Bondye pa gade w dapre lavi lontan ou tap mennen an, men tankou yon moun ki refèt ankò nan lavi. Li aksepte w epi li promèt ou yon avni paske kounye a se pou Li w ap viv. Tankou yon moun ki fenk fèt, ou genyen yon garanti ki vivan epi ki fè w konnen L ap fleri lavi w ak tout kalte bon bagay pandan w ap grandi nan Li.

## 7. PRENSIP 7: ASIRANS NAN LAVI ETÈNÈL

Pawòl Bondye bay nou asirans sou gwo tonton verite sa : “Men sa temwayaj la ye: Bondye ban nou lavi etènèl. Lavi a se nan Ptit la li ye. Moun ki genyen Ptit la, yo genyen lavi. Moun ki pa genyen Ptit Bondye a, yo pa genyen lavi. Nou menm ki kwè nan non Ptit Bondye a, mwen ekri nou bagay sa yo, dekwa pou nou ka konnen nou genyen lavi etènèl” (1 Jan 5:11-13).

*Kisa Bondye te ba ou ?*

*Ki kote nou ka jwenn lavi etènèl la ?*

*Sa kap pase si ou pa gen Kris ?*

Lavi etènèl pa posib si ou pa nan Jezi Kris. Se yon lavi ki chita sou **kalte** ak sou **kantite**. Se lavi Jezi ansanm ak kalte moun li ye ki vin devlope **anndan** w pandan jou ap pase. Lavi etènèl la se lavi nou pataje ak Bondye pou yon kantite tan ki pap janm fini. Se yon lavi dekouvèt nan Kris, se bon nouvèl.



## TOUNEN YON BON TÈ: GRANDI NAN ASIRANS

### I. EVALYE PWÒP ASIRANS PA W

Ekri nan tablo a. Chwazi nan ki degre ou gen **asirans** nan nechèl ki komanse sòti nan 0 rive nan 5 (5 vle di ou sèten nèt nan repons la, 0 vle di ou pa sèten) :

Tout peche w yo te padone ?	0	1	2	2	4	5
-----------------------------	---	---	---	---	---	---

Jezi anndan lavi w ?	0	1	2	2	4	5
----------------------	---	---	---	---	---	---

Bondye p ap janm lage w ?	0	1	2	2	4	5
---------------------------	---	---	---	---	---	---

Ou genyen lavi etènèl ?	0	1	2	2	4	5
-------------------------	---	---	---	---	---	---

Ou fè pati fanmi Bondye a ?	0	1	2	2	4	5
-----------------------------	---	---	---	---	---	---

*Poukisa ou panse konsa ?*

*Ki relasyon nou genyen ansanm si ou se pitit Bondye e mwen se pitit Li tou ?*

### 2. REFLECHI EPI PRIYE POU ASIRANS

Sa a se priyè bon bèje a nan Sòm 23. Pran tan li Sòm nan epi fè l tounen yon priyè ak pwòp mo pa w.

*Letènèl se bèje mwen,  
Mwen p ap manke anyen.*

*Li fè m repoze nan patiraj ki vèt.  
Li mennen m bò dlo ki trankil.*


*Li restore nanm mwen.*

*Li kondui m nan chemen jistis  
Poutèt non li.*

*Menm lè m ap mache nan vale lonbraj lanmò,  
Mwen pa pè anyen mal, paske ou avèk mwen.*

*Baton ou ak gòl ou, se yo ki asire m.*

*Ou pare yon tab pou mwen  
Devan lènmi m yo.*




*Ou vide luil sou tèt mwen.  
E, gode m plen depase.  
Wi, bonè ak gras va pousuiv mwen  
Chak jou nan lavi m.  
Epi m a abite lakay Letènèl pou tout tan.*

**Pran yon ti tan pou w di Bondye mèsi pou direksyon L, proteksyon L ak delivrans Li.**

### 3. ANGAJMAN POU VIV DAPRE PAWÒL LAVERITE SA YO

Pran yon ti tan avèk mentò ou a pou ou diskite sou kòman ou pral sèvi ak pawòl sa yo nan lavi w chak jou. **Ekri angajman sa yo nan kare anba a.**



**Ansanm ak mentò ou epi ak lòt disip yo, lapriyè ansanm pou nou mande Bondye pou L dirije nou pandan nap grandi, fòtifye e proteje nou, epi bay nou sa nou bezwen pou nou viv chak jou.**

**Li Efezyen 2:8-9 chak jou pandan semèn sa,** “Vrèmanvre, se akòz gras li, ki fè nou sove, grasa lafwa. E, sa pa soti nan nou menm, se kado Bondye (v.8).

*Se pa anyen nou te fè pou sa. Konsa, pèsonn pa ka bat lestomak li pou fè chèlbè” (v.9, VKF)*

Tradui pa Jean-Mario Michel

© 2021 International Strategic Alliances, Inc. (ISA)

Dokiman sa yo vize fòmasyon moun sèlman, yo kapab kopye epi sèvi avèk yo pou kalite travay konsa, men yo pa dwe fè chanjman nan yo san International Strategic Alliances pa bay otorizasyon pou sa.

Tout pasaj Labib yo sòti nan Bib Kreyòl La (BKL), si se pa sa nou fè w konnen sa nan yon nòt.

